Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 22 (7371)
23 Май 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## «Унсоколо район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб заседание



Гьаб соналъул 23 марталда букIана «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб заседание. Гьеб рагьана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. МухIамад Юсуповас. Заседаниялда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул прокурор ХI. Хайчилаев, бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов, районалъул цIи рищарал депутатазул состав.

Заседаниялъул балагьиялде росун рукIана анкьго суал. ТIоцебесеб суал букIана «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул Уставалъул проекталъул хIакъалъулъ» ва информация гьабуна Собраниялъул пред. М. Юсуповас. Гьес бихьизабуна 2014 соналъ къабул гьабун бугин ахирисеб Устав, 2016 соналъ гьарун ругин гьелда т1ад хиса-басиял, Устав цIи гьабизе ккolин: «Устав ккола нилъер нухлул карта гIадаб жо. Гьеб печаталда бахъизе ккола Собраниялъул балагьиялде босун анкь иналде, гьелдаса ва публичниял слушаниялдаса хадуб къабул гьабула Устав. ГьабсагIаталда гьаб буго проект».

КIиабилеб суал букIана «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул структурабазул хIакъалъулъ». Гьеб суалалдасанги информация гьабуна М. Юсуповас. «20I8 соналда районалъул социалиябгун экономикияб цебетIей, инвестициязул хIакъалъулъги бицун хIисаб кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Араб соналда администрациялъ гьабураб хIалтIи депутатаз рикIкIана гьоркьохъеб къиматалъуллъун.

20I8 соналъул бюджет тIубаялъул хIакъалъулъ докладгун кIалъана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов. Араб соналда районалъул контролиябгун счетнияб палатаялъ гьабураб хIалтIул хIасилал гьаруна гьелъул пред. Ж. Шамсудиновас.



ГIей гьечIеб хIалтIуе гIоло депутатазул балъгояб гьаркьиеги лъун Ж. Шамсудинов гьеб хъулухъалдаса эркен гьавуна.

БукIана Сахратула АхIмадовасе сайгъат гьабиялда хурхараб ходатайство. Гьединго балагьана гIуцIиялъулал суалазухъги, рищана Собраниялъул кидагосел Комиссиязул членал ва председателал.

Ислам - диналъе кумек

## Районалъул ифтар



I7 маялда рузман къоялъ районалъул администрациялда букIана ифтар. Гьеб гIуцIун букIана районалъул рухIиял гIадамазгун цадахъ районалъул ва росабазул администрацияз.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, районалъул имам Гъ-М. Абакаров, росабазул бутIрул, рухIиял гIадамал, учреждениял-организациязул гIадамал, районцоял, нухда унел. Тадбиралде рачIун рукIана МахIачхъалаялдаса гьалбалги. Къокъго абуни гIахьаллъана I000 ялдаса цIикIкIун чи.

ГIолохъанал рухIиял гIадамаз ифтаралда ахIана нашидал. КIалъазе вахъарав Гъ-М. Абакаровас щивасе гьарана гьаб хирияб моцIалъ баркатрахIмат. Киналго бусурбабазда хирияб моцI баркун кIалъана ГI. НурмухIамадов. Ифтар гIуцIизе кумек гьабуразе гьес гьарана лъикIабщинаб, дунялалъего рекъел.

Киназего нашидазул гьаракьалда гьоркь кьуна квенал. ТIубараб сордоялъго сверухълъиялда букIана гьудуллъиялъулги цоцада ричIчIиялъулги ахIвал-хIал.

Сахлъи цIуни

## ТIадаб буго

Нилъеца гIумро гьабулеб букIуна эркенго, чорхолъ унтаби гьечIого, рохалида. Ва цо пуланаб къоялъ, загьирлъула цо унти, хадуб цойгиги.РекIелъ букIараб рохелги, тирилъиги пашманлъиялде сверула. РукIуна гIадамал кинаб унти дандчIваниги гьезие дараби, эркенго аптекабаздаса росизе кIолелги, гIемерисезе гьел росизе захIмалъула. Гьединлъидал, нилъер пачалихъалъ унтаразе кумек хIисабалда, цо-цо захIматал унтаби чорхолъе ккаразе гьарула бигьалъаби. Кьола гьезие гьел чIорого, хасаб федералияб программаялда рекъон.

ГIатIид гьабун буго нагагьал унтаби сах гьариялъул федералияб программа. Цебе федералияб бюджеталдасан дараби кьолаан 7 батIиял нагагьал унтабаз унтарал, дарабазухъ цIикIкIун гIарац унел гIадамазе. Гьаб соналда унтабазул сияхI кьогоялде бахинабун буго. Гьанже гьеб сияхIалде гьорлъе уна гемофилиялъ, муковисцидозалъ, гипофизарный нанизмалъ унтарал, черхалда заралияб жо бижарал, ургьисала, гьуэр хисарал, склероз бугел ва цогидалги кьогоялде щвезегIан захIматал унтаби ругел. Жакъа кьоялда жаниб ругел баяназда рекьон, гьединазул къадар 200 азарго чиясде бахунеб буго.

Гьединал унтабазе дараби росизе ихтияр щола гьел федералиял «I2 нозология» регистрациялде росун хадуб. Врачас хъвазе ккола медкартаялда кинабго . Кидал, кинаб унти, щиб гьесул бугебали. Гьес хъвай-хъвагIай гьабун 20 къоялдаса кватIичIого кьезе ккола унтарасе чIорого дараби. Пациент цо бакIалдаса цогидаб бакIалде унев вугони, гьесухъе цадахъ росизе кьезе ккола дараби. Гьедин кьезе ккола бащдаб лъагIалидаса дагьаб гьечIеб заманалда унтарав цо бакIалдаса цоги бакIалде унев вугони. Пациент дагьабги цIикIкIараб заманалда цогидаб бакIалда хутIулев вугони, гьесухъе кодоре кьола моцIие кколел дараби ва гьев унев бакIалъул федералияб регистралда лъазабула гьесул хIакъалъулъ.

РДялъул вице-премьер А. Карибовас ва лъай кьеялъул министр У. ГІумариевалъ иргадулаб данделъи тІобитІана лъай кьеялъул организациязда мед. кабинетазул лицензаби гьариялъул суалги гьоркьоб лъун. Гьениб нухмалъулез кІвар бугел суалал цере лъуна лъай кьеялъул идарабазда лъималазе медицинаялъул хъулухъ гьабулел кабинетазда букІине кколеб техникаялда хурхун, бицана лицензиял рукІинариялъул иш хехлъизабизе ккеялъул суалги.



Саназде рахинчІезул суалгун

# ТакъсирчагІилъун рахъунгутІизе

Гьаб соналъул І3-20 маялда республикаялда, гьелдаго цадахъ Унсоколо районалдаги унеб букІана «Твой выбор» абураб оперативиябгун профилактикияб операция. Аслияб мурад гьеб тадбиралъул букІана саназде рахинчІел лъималазда гьоркьоб административиял ва цогидалги делаби гьарураб такъсирчилъи ккунгутІи. Гьелда аслияб кІвар буссинабун букІана рокъосан санагІат гьечІел лъималазде. Гьедин 20 маялда районалъул саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспектор Ш. ГІумаров, райадминистрациялъул гьединалго лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул вед. специалист П. НурмухІамадова, КСЦОНалъул хъизаналъулгун лъималазул отделалъул зав. П. ХІамзатова щвана профилактическияб учеталда ругез гІумро гьабулел бакІазде. Гьез лъималазда ва гьезул тІалаб гьабулезда бицана чан сон баралдаса нахъе уголовнияб жаваб кьеялде гъоркье кколелали, такъсиразул ва тамихІалъул. БичІчІи кьеялъул хІалтІи гьабуна общественниял бакІазда, тадбиразда хьвадизе кколеб куцалъул, жиндиего хІинкъи гьечІолъи букІинабиялъул, сахаб гІумро гьабиялъул аслиял рахъазул хІакъалъулъ. Гьединабго бичІчІи кьеялъул хІалтІи гьабуна лъималазул эбел-инсулгун, хал гьабуна лъималазе гІумро гьабиялъе чІезарун ругел шартІазул. Щвана НВФялъул членазул лъималазухъеги.

Гьединал рейдал гІемер гьарула саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІи гьабиялъул инспектораз районалда.

* * *



Араб анкьалда букІана саназде рахинчІел лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул Комиссиялъул ирагадулаб гуреб данделъи. Гьенир гІахьаллъана бетІерасул зам. М. ХІамзатов, районалда бугеб ОМВДялъул лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспекторал Ш. ГІумаров ва ХІ-М. ХІасанов, администрациялъул юрист У. Бартыханова, КЦСОНалъул хъизаналъулгун лъималазул отделалъул зав. П. ХІамзатова, районалъул гІадамал хІалтІудалъун хьезариялъул рахъалъ специалист Р. МухІамадгІалиев, комиссиялъул жавабияй секретарь П. НурмухІамадова ва цогидалги.

Заседанияги рагьун гьоркьор лъезе ругел суалазулгун лъай-хъвай гьабуна У. Бартыхановалъ. Балагьана ПДНа лъул инспекциялъул «Лъай кьеялъул учреждениязда лъималазе хІинкъи гьечІолъи букІинабиялъул», гьединго МВДялъул «РДялда лъай кьеялъул ва школалъул гІумроялде рахинчІезул учреждениязда лъималазулгун гьабулеб хІалтІи хІаракатчилъизабиялъул рахъалъ» бугеб распоряжениялъухъ. Данделъиялда кІвар буссинабуна цІалуца гъорлъе рачинчІел лъимал ругищали хал гьабун гьезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялде, «Дур тІаса бищи» абураб рамкаялда жаниб операция гІуцІун, мекъал ишазде ине риччачІого лъимал цІуниялде буссараб тадбир гІуцІиялде.

Ш. ГІумаровас бихьизабуна санагІат гьечІел хъизаназда гІолел лъимал лъазариялъул ишал унел ругин, гьел тІадехун рехсараб тадбиралде гьоркьоре цІазе кколин.

Гьел гурелги данделъиялда балагьана лъимал школалде рачІунгутІиялъул анкьго административияб материалалъухъ.

# Цогидазе мисалияй



Унсоколо районалъул Балахьуни росдал гьоркьохъеб, гІаммаб лъай кьеялъул школалъул ИЗОялъул ва технологиялъул тІадегІанаб категориялъул мугІалим Зарема Якъубовалъ анцІила ункъго соналъ гІун бачІунеб гІел ругьун гьабулеб буго батІи-батІиял махщелазе ва берцинго сурат бахъизе. Васазда малъула цІулада бикІун накъищал рахъизе, берцинлъиялъе рукІунел шкатулкаби, тІад гІодор чІезе гІисинал бакІал гьаризе. Ясал ругьун гьарула рукъаризе, хамида угьаризе, батІи-батІиял тамахал расанкІаби гьаризе. «Гьаб цІалул соналъ нижеца байбихьана некІсияб, Кайтагалъул хамида угьариялъул махщалил «балъголъаби» лъазаризе,-ян бицана Заремаца. Гьеб буго тІадчІун хІалтІизе кколеб, цогидал миллатазулалда релълъинчІеб, кІичІи-свери гІемераб накъищал ругеб орнамент. Цебе, шелкалъул батІи-батІиял, гвангъарал кьеразул квараз угьун берцин гьабураб хам кайтагалъулаз берцинлъиялъе ригъулаан рукъалъул къадазда. ГІелаз гІелазухъе кьун цІунун букІараб гьеб махщел, щаялиго, жакъа рехун тун буго».

Районалда тІобитІараб цІалдохъабазул махщел бихьизабулел къецазда лъикІаб къимат щвана Балахьуни росдал школлъималазул хІалтІабазе. Кидаго цІиябщинаб балагьулей, хІалтІукьа хІинкъуларей, цогидазе мисал бихьизабун хІалтІулей мисалияй мугІалим йиго Зарема Якъубова.

**МухІамад ГЪАЗИМУХІАМАДОВ.**

**Сураталда:** З. Якъубова ц1алдохъабазда гьоркьой.

ЦІияб тІехь: «АхІулгохІда ахирисеб хоб»

# «АхІулгохІил» рагъул ахирисел къоял

**(Цебесеб гьаб соналъул 6, 7, 8 номеразда)**

АнцІила анкьабилеб августалъул радал цудунго байбихьана тушбабазул киналго гІарадабаз АхІулгохІде кутакаб кьвагьдей гьабизе. Гьединаб кутакаб, вахІшияб, гурхІел тараб рагъ гьал кьурабазда киданиги бихьун букІинчІо. ГохІ цІунарал рахчана ГІандигІурул рагІалдехунги НухгьечІеб гохІдехунги ругел нохъазда жанир ва ракьуда гъоркь гьарурал щулалъабазухъ. ГІицІго нусго мурид тана ЩулалъулгохІалъул рахъалдасан тІаде рачІунел нахъчІвазе. Гьезие бетІерлъуда къуркьи гьечІев колоса Сурхайги вукІана.

АхІугохІил рагІалда бараб кІудияб сиялда жанир ва сверухъ гьарурал щулалъабазда нахъа чІарал гъазизабаз, хІикматаб бахІарчилъиги бихьизабулаго, гъурулел рукІана гьужумалъ рачІунел гІурус рагъухъаби. Тушбаби гохІда тІаде риччаларого, кутакалда бахІарчиго вагъана нусавго мурид. ЦІакъ цІикІкІарал камиялги кколаго, гьор-кьоса къотІичІого гохІде гІарадаби кьвагьиялъул кумекалдалъун тушбабазда бажарана жидецаго гьабураб тІад тІокъараб нухдасан АхІулгохІде рахине.

Кинабго цоцалъ жубана АхІулгохІда. Байбихьана гІассияб, вахІшияб, гьалагаб, би гІемераб, бадиса бадибе гьабулеб кверзул рагъ. ТуманкІ, хвалчен, ханжар ва гамачІ букІана гьениб гъазизабазул ярагъ. Гьеб ярагъ букІана магІарул бихьиназги, руччабазги, лъималазги тушбабазде данде махщалида хІалтІизабулеб. Нахъехун гали босулев чи вукІинчІо гохІ цІунарал бахІарзазул кьеразулъ.

ГурхІел тун гьабулеб гъазаваталда анцІ-анцІ, нус-нус тушманасул биги гІодобе тІолаго, рухІги босулаго шагьидлъулел руго, нахъе къайги къуркьиги гьечІел, бербахилал магІарул багьадурзаби. Бихьиналги хІайран гьарулеб багьадурлъи бихьизабулеб буго магІарул руччабазги. КъуркьичІого, бер къапичІого, нахъе къачІого, жидерго щулалъабазулги минабазулги чІунтелазда гъоркь холел руго гьелги.

Кутакаб багІариялъги хІалуцараб рагъуцаги, рахъун чІеялдаса ун свакан рукІана АхІулгохІ цІунаралги гьезде гьужум гьабулел капурзабиги. Хасго рухІ лъугІун рукІана руччабиги лъималги. Ракъун, къечон, хъархъаздаса тІун тІамах чІамун, хІатІазда рахъун чІун рукІана гІемерисал.

Тушбабазде тІаде гамачІ балезда гьоркьор рукІана Шамилил руччабиги. Лъималги рукІана гьезда цадахъ. Ругънал сахлъун унев вугев СагІидги эбелалъул мугъзада вухьун вукІана. РакІал ганчІалги васги раччиялъ Жавгьарат кутакалда свакан йикІана. Свакалъ кІус-кІусун кколей йикІана гьей. Якъиялъ, къечалъ хІал гьабун, къан ккун чехьгун кІалагъоркье речІчІана гьей ахирги. ГІодилев вукІана СагІид, амма гьесие кумек гьабизе Жавгьаратил рухІ букІинчІо. Шагьидлъарал эменазул, вацазул, росазул чухъби ретІун, тІагърал лъун, кодобе ярагъ босун, тушбабазда тІаде унел рукІана хІинкъи тІагІарал магІарул руччаби. Жидеда кІолеб гамачІ-къоно тушбабазде тІаде балеб букІана лъималазги. Гьезда гьоркьов вукІана имамасул кІудияв вас, микьго сон барав Жамалудинги.

ТІоцере шагьидлъаразда гьокьов вукІана гьел бахІарзазул бетІер Колоса Сурхай. Шагьидаб хвел босана нусавго гьесул гьалмагъасги. Гьел гурелги гІемерал бахІарзал шагьидлъана гьеб къоялъ АхІулгохІда. НухгьечІебгохІдеги нохъаздеги тушманасул гуллидаса рахчизе унел руччабиги лъималги гІужиеги росун, гІурусазул гІарадабаз лъикІаланго камиял ккезаруна магІарулазе радалго. Щагьидлъана хІинкъи лъаларев бахІарчи ва гІалимчи, гІарадаялъ кІиябго хІетІе тІезабурав багьадур Балахьуниса ГІусманги, Балахьуниса Мусал чІужу Шагьунги, гьезул анлъго сон барав вас Апандиги, живго Мусаги лъукъун вукІана.

(Хадусеб букІине буго)

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 22 (7371)
Хамиз
23 Май 2019 сон





# **Важно знать:** Крымская геморрагическая лихорадка

Крымская геморрагическая лихорадка (далее – КГЛ) – зоонозная природно-очаговая арбовирусная инфекционная болезнь, протекающая с выраженной интоксикацией и геморрагическим синдромом и характеризующаяся высокой летальностью.

Основным резервуаром вируса КГЛ являются иксодовые клещи, поддержание вируса в природных очагах происходит за счет диких, сельскохозяйственных и домашних животных.

Заражение человека чаще всего происходит через укус клеща.

Возможно заражение КГЛ через кровь больного при уходе и оказании медицинской помощи (внутрибольничное заражение), а также при работе с инфицированным биологическим материалом без соблюдения требований биологической безопасности (внутрилабораторное заражение).

Наблюдающаяся сезонность эпидемических проявлений КГЛ – с апреля по сентябрь.

Правила поведения людей при нахождении на территории, опасной в отношении иксодовых клещей

Выходя в лес, парк или на любую территорию, где встречаются клещи, необходимо одеться таким образом, чтобы предотвратить заползание клещей под одежду и облегчить быстрый осмотр для обнаружения прицепившихся клещей.

Учитывая, что клещи в большинстве случаев прицепляются с травянистой растительности на уровне голени, колена или бедра и ползут вверх по одежде, брюки необходимо заправлять в сапоги, гольфы или носки с плотной резинкой, а верхнюю часть одежды — в брюки. Манжеты рукавов должны плотно прилегать к руке, а ворот рубашки и брюки не должны иметь застежки или иметь плотную застежку, под которую не может проползти клещ. На голову предпочтительно надевать капюшон, пришитый к рубашке, куртке или, в крайнем случае, волосы должны быть заправлены под косынку, шапку. Лучше, чтобы одежда была однотонной и светлой, так как на ней клещи более заметны.

Необходимо постоянно проводить само- и взаимоосмотры для обнаружения прицепившихся к одежде клещей. Поверхностные осмотры надо проводить каждые 10 – 15 минут, а сразу после возвращения из леса, поля, мест отдыха на природе, одежду необходимо снять и тщательно осмотреть тело и одежду для обнаружения заползших, а возможно и присосавшихся клещей. Клещи присасываются не сразу после попадания на кожу, и чем быстрее будет снят с тела присосавшийся клещ, тем меньшую дозу возбудителя он передаст.

На неблагополучной территории нельзя садиться или ложиться на траву, так как в этом случае облегчается попадание клещей под одежду.

Стоянки и ночевки в лесу предпочтительно устраивать на участках, лишенных травяной растительности. Перед ночевкой следует тщательно осмотреть одежду, тело, волосы.

Нельзя заносить в помещение свежесорванные травы, ветки, верхнюю одежду и другие предметы, на которых могут оказаться клещи.

## Как удалить клеща?

В случае обнаружения присосавшегося клеща не надо пытаться его вытащить, на него следует накапать растительным маслом и через 10-15 минут снять, осторожно поворачивая его то в одну, то в другую сторону. Лучше воспользоваться резиновыми перчатками или обернуть пальцы чистой хлопчатобумажной тканью.

Поместите клеща в любую губительную для них жидкость (соляровое масло, керосин, любой ядохимикат), а место укуса обработайте любым антисептическим средством (слабый раствор перманганата калия, йод, спирт и др.).

При появлении в течение 14 дней после укуса клеща признаков заболевания (подъем температуры тела, слабость, головные боли, ломота в теле, тошнота)



или общего недомогания, необходимо срочно обратиться за медицинской помощью в ближайшее медицинское учреждение.

## Что делать с клещом?

Клеща надо сохранить в максимально неповрежденном состоянии, лучше живым.

Снятых присосавшихся клещей с кусочком влажной ваты или свежей травинкой следует поместить в плотно закрывающуюся емкость (например, стеклянный флакон).

Мертвых клещей следует также поместить в емкость.

Клещей доставить в лабораторию как можно скорее для выполнения исследования.

Если клещи присосались к нескольким людям, то клещей с каждого человека надо поместить в отдельную емкость, подписав фамилию пострадавшего.

Доставить клеща в ФКУЗ «Дагестанская противочумная станция» по адресу г. Махачкала ул. Гагарина 17 для определения видового состава, эндемичности территории, где произошел укус, зараженности клеща.

Отметим, что в МО «Унцукульский район» регулярно проводятся мероприятия по профилактике инфекций передаваемых возбудителями КГЛ и другими возбудителями заболеваний с/х животных.

# Программа по улучшению социально-экономического положения горных территорий РД

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 8 мая 2019 года № 106 утверждена новая редакция Государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных



территорий Республики Дагестан».

Программа реализуется в целях улучшения социально-экономического положения горных территорий Республики Дагестан, повышения благосостояния и качества жизни населения горных территорий Республики Дагестан и обеспечения устойчивого экономического роста.

В соответствии с Законом Республики Дагестан от 25 декабря 2018 г. № 93 «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2019 год и на плановый период 2020 и 2021 годов» на реализацию мероприятий вышеуказанной Госпрограммы РД предусмотрены средства республиканского бюджета РД в объеме 80,0 млн. рублей.

В текущем году указанные средства планируется распределить на реализацию следующих мероприятий:

реализация инвестиционных проектов по созданию гибких современных перерабатывающих мини-производств;

строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции;

строительство малогабаритных теплиц в горной местности;

создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов.

Минэкономразвития РД данные направления выделены в качестве первоочередных в связи с тем, что их реализация особенно актуальна в условиях импортозамещения для товаропроизводителей, в том числе осуществляющих производство сельхозпродукции в горных территориях республики.

В настоящее время Минэкономразвития РД ведется работа по разработке нормативно-правовой базы оказания соответствующей государственной поддержки, в рамках которой планируется субсидирование 50,0% затрат на приобретение оборудования для создания гибких мини-перерабатывающих производств и предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов, а также на строительство малогабаритных тепличных комплексов и логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции.

После утверждения соответствующей нормативно-правовой базы министерство путем размещения на сайте ведомства, в печатных изданиях средств массовой информации, а также рассылки в муниципальные образования, расположенные в горных территориях Республики Дагестан объявит открытый конкурс на отбор проектов. Конкурсный отбор инвестиционных проектов осуществляет Конкурсная комиссия.

Прием документов для оказания государственной поддержки будет, осуществляется, в том числе через Многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, расположенные в муниципальных образованиях Республики Дагестан.

Заинтересованные лица могут обратиться по всем интересующим вопросам в Минэкономразвития РД по адресу: ул. Абубакарова д. 67 или по тел. **67-17-68.**

# Профилактика землетрясения




На территории Унцукульского района проводятся профилактические занятия по сейсмической безопасности по правилам поведения населения в случае землетрясения на территории района.

Отделом ГО, ЧС совместно с отделом образования ведется тренировки в образовательных учреждениях по графику на случай сейсмической опасности и эвакуации населения при землетрясении.

Афганистаналъул рагъ

# Баркала, нужее, медикал!

Рагъ бихьарав ва гьелъул кьогIлъи лъарав чиясда киданиги гьелъул гIассиял лахIзатал цереса унаро. Гьелъ даимгоялъе гIазаб кьолеб букIуна чиясул черхалъеги сахлъиялъеги. Гьедин гIемер ккола ниж районалъул централияб больницаялде къва-ригIелазги сахлъи щула гьабизеги. Кида рачIаниги хIеренго хIалимго ралагьула нижедехун районалъул больницаялъул коллектив, хасго гьелъул бетIерай врач МухIамадова ГIайшат МухIамадовна. Ветераназдехун гьелъул бу кIуна гIаданлъиялъулгун тIалабчилъиялъул бербалагьи. Афганистаналъул авлахъазда боркьараб рагъда рукIарал нижеда кутакалда лъала врачазулги медсестрабазулги къимат. Гьезул бажариялда бараб гIумро бихьидалха нижеда.

Сахлъи щула гьабиялъул суалгун щведал ГIайшатица ниж нахъбахъичIого стационаралда регизарула, хасал сахлъи тIад буссинабулел бакIазде ритIула, гьелъие хIажатал кагътал хIадуриялъе жинцаго хIаракат бахъула. Гьедин къабул гьаруна ниж гьал къоязда больницаялда. Гьединлъидал районалъул «Ахихъан» газета гьоркьоб ккун ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго хIурматияй ва хIалимай врач ГI. МухIамадовалъе ва тIолалго медицинаялъул хIалтIухъабазе тIадегIанаб гIаданлъиялъухъ, щвалде щвараб сах гьариялъухъ ва рагIа-ракьанде щун хIажатабщиналдалъун кумек гьабуралъухъ. Даимаб сахлъиялда хутIаги, нуж, районалъул медикал, ракI-ракIалъ нилъерго халкъалъе хъулухъ гьабизе сахлъи кьеги нужее!.

**МухIамадзагьид ХIАЖИЕВ,**
**Афганцазул общественнияб организациялъул председатель.**

**Имангъазали НАЗИРБЕГОВ.**
**Инавалидазулгун хIалтIи гьабиялъул обществалъул пред.**

# ХIалтIизе ине бокьани

ГьабсагIаталда щивасе хIалтIи букIинабиял да хурхун захIматаб хIал буго нилъер улкаялда. БакIазда хIалтIаби гьечIолъиялъ гьеб балагьизе цойги регионазде унел руго гIадамал. Гьебги хIисабалде босун хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул мурадалда Хабаровский краялда хасаб программа хIалтIизабулеб буго гьезул правительствалъул хIукмабазда рекъон. Гьезул цояб ккола «Повышение мобильности трудовых ресурсов»,-абураб. Гьедин РДялъул ЦЗНалъ Унсоколо районалъул ЦЗНалдеги битIун гIадамазе баян гьабулеб буго Хабаровский краялъул предприятиязда хIалтIизе бакIал ругин. ЦЗНалда буго хIалтIулал бакIазул переченьги. ХIалтIи хIажалъарал киналго баянал лъазе ине бегьула районалъул ЦЗНалде.



БичIчIизе захIматаб…амма

# Хвалда цересел макьаби

РагIалде рахъана гIалимзабаз чанго къоялъ хвалилги гIумроялъулги квачIикь ругел гIадамазулгун гьарулел цIех-рехал. ГIемераб интересаб жоги рагьана гьелъ. Гьезул цIех-рехазда рекъон хвелалде цебе гIадамазда гIемер цого макьаби рихьулел руго. Клиническияб хвалда рукIун рекIеде рачIараз бицухъе гIемер батIи-батIиял рукIунел руго гьезул церет1амиял. Байбихьуда гьезда цебе бачIунеб буго кинабго нахъа тараб, ай хIинцго тIамураб гIумро. Хадув гьев щолев вуго бецIаб тоннелалъуве, гьелъул ахиралда батулеб буго гвангъи-канлъи. Цо-цоязда дандчIвалел руго церего хварал гIагарал гIадамал. Цогидазда хвалда цере ругел ва лъавуда ругел гIадамазда кIиго-лъабго анкьалъ цере рихьизе лъугьунел руго гвангъарал церетIамиял. 70% пациентазул дандчIвалел руго хварал гIагарлъигун яги гьудулзабигун, гьездехун букIунеб буго хинаб асар. Цо-цо пациентазда, ай цIех-рех гьабуразул 59 % унтаразда рикIкIаде белталги росун жалго сапаралъ унел рихьулел руго, ай ахирисеб нухде ине хваралгун цадахъ къачIалел рукIунин абула цо-цояз.

29 % пациентаз бицана жидеда аскIоре церего хварал гIагарал ва лъалел гIадамал рачIунел ругин, гьелгун роха-хинлъиялда кIалъалел рукIунин. Цо-цояз абулеб буго чIагояб гIагарлъиялда малъа-хъваял гьарулел рихьанин.



Кинал ругониги макьаби рихьаразул гьезда хурхун ракIазулъ лъикIаб асар лъугьунеб буго.

Холел ругел лъималазда макьилъ цIикIкIун цере тIамулел руго хварал рукъалъул хIайванал, гIадамалги рихьанин, амма щалали лъачIин абуна гьез.

Хвалде лъабго анкьалъ цебе хадур гIунтIизе захIматал макьаби рихьи цIикIкIунеб буго, гьел цогидазде дандеккун гвангъаралги рукIунел руго. Гьелъие битIараб къимат кьезе гIалимзабазда жеги кIун гьечIо. ГIумроялъул ахиралда гIадалзул нахулъ гьединал макьаби рихьиялъе рес кьолел хиса-басиял кколел ратизеги бегьула, амма цо жо бичIчIула; гьединал церет1амиязда хадув холев гIодове виччалев вуго ва хвалда цебесеб хIинкъи лъуг1ун унеб буго.

# Объявление





| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать - 22.05.19 г. 16.10 фактически -16. 30 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|